Pou Piblikasyon Imedya: 15/09/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU ELAJI AKSÈ FONKSYONÈ PIBLIK YO AK EGZONERASYON PRÈ ETIDYAN

Lejislasyon (S.8389-C/A.9523-B) retire baryè pou jwenn aksè ak Pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik federal la nan klarifye tèm kle yo, sa k ap pèmèt anplwayè yo sètifye anplwa

Anonse efò sensibilizasyon nan tout Eta a pou ede Nouyòkè ki elijb yo pwofite egzonerasyon prè federal la pou yon dire limite nan fonsyon piblik la

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon pou elaji ak senplifye aksè ak pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik (Public Service Loan Forgiveness, PSLF) federal la nan tout eta a. Nouvo lejislasyon an etabli inifòmite nan sa ki kalifye kòm travay aplentan nan objektif pou jwenn aksè ak PSLF epi pèmèt anplwayè sèvis piblik yo pou yo sètifye anplwa nan non travayè yo, sa k ap elimine gwo baryè ki genyen pou aplike ak jwen aksè ak PSLF.

"Si w pase jounen w ap travay pou moun New York yo, ou pa ta dwe pase nwit ou ap enkyete w sou fason pou w ranbouse nou. Lejislasyon sa a rekonèt kontribisyon enpòtan fonksyonè piblik nou yo, premye sekouris yo, edikatè yo ak plis ankò, nan ede debloke egzonerasyon prè federal yo pou anpil manm nan mendèv New York la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan travayè ki te gide nou atravè pandemi an rive nan ewo chak jou ki fè New York ap deplase, travayè sektè piblik ak travayè san bi likratif yo merite pwofite avantaj sa a - men san tèt fè mal, reta, oswa konfizyon. Mwen fyè pou m siyen lejislasyon sa a ki asire fonksyonè piblik yo gen klète ak sipò yo bezwen pou jwenn aksè ak egzonerasyon prè federal, epi mwen remèsye patnè mwen yo nan Lejislati a pou atansyo yo sou pwojè lwa sa a."

PSLF se yon pwogram federal ki rekonpanse ak ankouraje travay sèvis piblik yo lè li anile yon pati nan prè etidyan federal la pou anprentè yo. Pwogram nan egzije pou anprentè yo dwe anplwaye aplentan yon anplwayè fonksyon piblik ki elijib epi fè 120 peman ki kalifye pou prè etidyan yo, apre sa y ap egzonere rès dèt prè federal la. Nenpòt dèt prè etidyan yo egzonere nan kad pwogram sa a pa pral sijè a taks dapre lwa taks Eta New York la.

Kounye a, apeprè 2.7 milyon moun nan New York travay nan sektè piblik la oswa nan sektè san bi likratif la. Depi 2007, pwogram PSLF ki pote transfòmasyon an te ede travayè fonksyon piblik ki kalifye yo resevwa yon mwayèn 61,402 dola nan soulajman dèt - bay fonksyonè piblik yo opòtinite pou yo depanse nan yon ipotèk, peman chak mwa pou yon machin, nesesite debaz tankou pwovizyon alimantè ak gaz.

Lejislasyon (S.8389-C/A.9523-B) abòde plizyè baryè ki byen dokimante pou jwenn aksè ak PSLF lè li:

- Klarifye definisyon legal tèm kle yo tankou, "anplwa sètifye", "anplwaye", "aplentan", "anplwayè fonksyon piblik," "fòmilè egzonerasyon prè fonsyon piblik", ak "pwogram egzonerasyon prè fonksyon piblik la";
- Fikse yon limit estanda pa èdtan pou travay aplentan nan trant (30) èdtan pa semèn nan objektif pou jwenn aksè ak PSLF ak klarifye tan preparasyon estandatize ki dwe enkli nan kalkil sa a pou estaf yo ak pwofesè yo; epi
- Pèmèt anplwayè sèvis piblik yo sètifye travay nan non moun oswa gwoup anplwaye dirèkteman avèk Depatman Edikasyon Etazini an.

Nan dat 6 oktòb 2021, Depatman Edikasyon an te anonse chanjman nan pwogram PSLF nan tan ki limite pou rann li pi fasil pou enprentè ki elijib yo pou yo egzonere prè federal pa yo ("Egzonerasyon PSLF"). Egzonerasyon PSLF a pèmèt anprentè yo konte pèman ki fèt sou tout pwogram prè federal yo oswa plan ranbousman pou egzonerasyon, ki gen ladan kalite prè ak plan pèman ki pa te elijib anvan. Nouyòkè k ap travay nan fonksyon piblik la - nan gouvènman an oswa nan yon òganizasyon san bi likratif - ak prè etidyan ki eksepsyonèl ka elijib pou egzonerasyon nan kad Egzonerasyon PSLF la menm si yo te deja refize yo. Anprentè yo gen sèlman jiska 31 oktòb 2022 pou yo pwofite Egzonerasyon PSLF la.

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li siyen pwojè lwa mwen an ki pral ankouraje Nouyòkè ki kalifye yo pou yo aplike pou Pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik Federal la. Nou te retire baryè biwokratik yo, sa ki rann li pi fasil pou moun ki te chwazi karyè yon fason dezenterese nan fonksyon piblik la pou yo aplike pou sekou anvan Pwogram Egzonerasyon PSLF ki limite a fini nan mwa oktòb la. Mwen fyè pou m defann lejislasyon ki rann soulajman prè elèv yo pi aksesib pou pwofesè nou yo, veteran yo, premye sekouris yo ak lòt fonksyonè piblik nou yo. Mwen ankouraje anprentè ki kalifye yo pou yo pwofite pwogram sa a pou asire yo resevwa egzonerasyonn prè yo gen dwa genyen an."

Manm Asanble Harvey Epstein te deklare, "Genyen plis pase yon demi milyon fonksyonè piblik nan New York ki gen dèt prè etidyan. Sèlman 10,000 ke yo te anile prè yo atravè pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik (PSLF) la—n ap travay pou ogmante chif sa a yon fason sinifikatif. Yon egzonerasyon limite ki pèmèt anprentè yo resevwa kredi pou peryòd ranbousman ki sot pase yo ki otreman pa t ap kalifye pou PSLF an vigè jiska 31 oktòb 2022. Lejislasyon sa a maksimize opòtinite Nouyòkè yo pou yo benefisye egzonerasyon an, ak PSLF an jeneral. Soti nan aplike yon miltiplikatè

èdtan pwofesè yo nan klas yo pou èdtan yo travay andeyò klas yo reflete yon fason ki pi egzat, rive nan asire ke ajans yo ka transmèt dokiman sou non travayè yo bay gouvènman federal la, lejislasyon nou an pral ede plis Nouyòkè jwenn egzonerasyon prè yo pi vit. Mwen pa ka tann yon patenarya kontinyèl ak Gouvènè Hochul pou kontinye travay nou pou anprentè etidyan yo epi mwen vle remèsye Senatè Thomas, Sant Pwoteksyon pou Anprentè Etidyan yo, ak lidè travayè yo pou efò detèmine yo pou fè sa reyalize."

Gouvènè Hochul te anonse tou yon efò nan tout eta a pou enfòme Nouyòkè yo sou Egzansyon PSLF a epi ankouraje travayè ki elijib yo pou yo aplike pou egzonerasyon prè anvan fen peryòd Egzonerasyon PSLF la. Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) te garanti angajman nan men òganizasyon ki reprezante plis pase 8,500 anplwayè piblik ak anplwayè san bi likratif pou distribye enfòmasyon bay mendèv pa yo nan semèn k ap vini yo epi ede yo aplike nan pwogram PSLF la anvan Egzonerasyon an ekspire. Gwoup ki rejwenn angajman sansibilizasyon sa a gen ladan Federasyon Pwofesè Ini (United Federation of Teachers), Konsèy Sèvis Imen (Human Services Council), Òganizasyon San Bi Likratif nan New York (New York Nonprofits), Konsèy Òganizasyon San Bi Likratif nan New York (New York Council of Nonprofits), Konferans Majistra New York yo (New York Conference of Mayors), ak Asosiyasyon Konte NYS (NYS Association of Counties). DFS pral ofri tou atelye PSLF atravè eta a nan semèn kap vini yo. Efò sa yo bati sou angajman New York pran pou sipòte anprentè prè etidyan yo.

Nan mwa out, se baze sou tandans yo te idantifye nan egzamen DFS sou moun k ap jere sèvis prè etidyan yo, Depatman an te bay konsèy inik ki dekri atant pou enfòme anprentè yo sou pwogram PSLF ak pi bon pratik yo dwe swiv. Nouyòkè yo ka vizite dfs.ny.gov pou jwenn plis enfòmasyon.

Direktè Èd Federal pou Etidyan (Federal Student Aid), Richard Cordray, te deklare, "Anplwaye sèvis piblik yo ap fè yon diferans enpòtan nan kominote yo atravè Empire State la. Aksyon Gouvènè Hochul jodi a pral ede travayè fonksyon piblik New York yo jwenn soulajman prè etidyan yo merite."

Sirentandan Depatman Sèvis Finansye a, Adrienne A. Harris, te deklare, "Depatman Sèvis Finansye pran angajman pou li pwoteje ak ekipe anprentè yo ak fanmi yo atravè eta a. Anplwaye nou yo pare pou ede Nouyòkè yo lè yo reponn kesyon yo epi adrese plent konsènan prè etidyan yo, enkli pwogram PSLF yo."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Pandan twò lontan dèt etidyan yo te yon ankrak sou jèn yo ak fanmi yo, sa ki peze lou sou do yo nan prèske chak aspè nan lavi yo. Se poutèt sa mwen te goumen san rete pandan plizyè ane pou konvenk Prezidan Biden pou bay dè milyon Ameriken soulajman yo bezwen pou reyalize tout potansyèl epi kenbe kwasans ekonomi nou an. Yo pral santi enpak pozitif mouvman sa a atravè New York ak nasyon an, patikilyèman nan kominote minorite yo, ak omwen 16 milya dola yo ap remèt nan bous fanmi travayè yo nan Empire State la. Aksyon solid Gouvènè Hochul

jodi a pral ede asire ke chak Nouyòkè ki elijib kapab jwenn aksè ak sekou federal enpòtan sa a epi pwofite pwogram egzonerasyon prè fonksyon piblik yo pou retire ankraj sa a, ede rekonstwi klas mwayèn lan, epi bay moun yo avni san dèt yo merite."

Reprezantan Adriano Espaillat te deklare, "Pwofesè, ponpye, ak ofisye fòs lòd yo bay sèvis esansyèl ki enpòtan pou lavi nou chak jou. Nou te fè anpil pwogrè pou garanti dèt prè etidyan yo pou fonksyonè piblik yo, epi mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a pou ede ranfòse efò nou yo pou retire baryè ki genyen nan Pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik Federal la ak egzonere dèt etidyan yo ak anilasyon enpo eta a yo. Lejislasyon sa a pral soulaje fado dèt travayè sèvis piblik yo epi li pral kontribiye yon fason konsiderab pou ranbouse dèt nou dwe ak gason ak fanm nan fonksyon piblik la kolektivman."

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Dèt etidyan yo se yon kriz nasyonal, epi mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul te siyen lejislasyon an lalwa kounye a pou ede bay soulajman pou moun k ap pote fado prè etidyan yo. Lejislasyon New York la pral ede rasyonalize pwosesis la pou Pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik (PSLF) la, kidonk sa k ap retire baryè pou travayè fonksyon piblik ki elijib yo. Nouyòkè atravè sektè fonksyon piblik yo, ki gen ladan yon gwo kantite edikatè, pral benefisye, sa ki enpòtan anpil pou alafwa rekritman ak retansyon. Founi yon chemen solid pou vin etidyan san dèt se yon bagay ki enpòtan anpil pou sipòte travayè fonksyon piblik nou yo ki souvan oblije ranvwaye desizyon enpòtan nan lavi tankou achte yon kay oswa kòmanse yon fanmi. Lejislasyon sa a se yon etap enpòtan nan bon direksyon an."

Prezidan Kongrè Estaf Pwofesyonèl la, James Davis te deklare, "Mèsi a Gouvènè Hochul, Lidè Majorite a Stewart-Cousins, Prezidan Heastie, Senatè Kevin Thomas, Manm Asanble Harvey Epstein ak tout lejislatè yo paske yo te rekonèt kontribisyon pwofesè adjwen yo fè nan mendèv edikasyon siperyè a ak paske yo bay travayè edikasyon siperyè yo priyorite nan pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik la. Yo souvan pa rekonèt ase travay adjwen ki afime majorite klas nou yo nan sistèm travay akademik a de nivo nou an. Anpil adjwen travay ekivalan a tan plen men yo te neglije yo paske sèlman lè salklas yo te konte. Lejislasyon sa a chanje sa epi li se yon gwo pa annavan pou rezoud kriz dèt etidyan yo ki anpeche anpil Nouyòkè viv pi bon lavi yo."

Prezidan (United University Professions, UUP), Doktè Fred Kowal, te deklare, "Nou rekonesan e nou kontan paske Gouvènè Hochul pral siyen pwojè lwa enpòtan sa a an lwa, ki pral ede dè milye anplwaye fonksyon piblik ki gen difikilte ak dèt etidyan yo jwenn kèk oswa tout egzonerasyon an atravè pwogram Egzonerasyon Prè Fonksyon Piblik federal la. Mèsi tou Senatè Kevin Thomas ak manm Asanble Harvey Epstein, sipòtè pwojè lwa a yo. UUP te yon gwo patizan pwojè lwa sa a pandan seyans yo paske li ogmante kalifikasyon PSLF, sa ki kalifye anpil adjwen SUNY ki te deja eskli nan pwogram nan. Prèske 40% manm UUP yo se adjwen. Mèsi, Gouvènè, pou sipò solid ou pou SUNY. Sa a se yon gwo viktwa pou manm nou yo ansanm ak anplwaye fonksyon piblik yo atravè eta a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418